

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang Panalungtikan**

Basa téh kabutuh manusa pikeun ngébréhkeun rasa, pikiran, jeung maksud ti panyatur ka pamiarsa. Ngaliwatan basa, manusa bisa ngalakukeun komunikasi sangkan bisa nepikeun tur narima omongan ti panyatur (Setiawan, 2017, kc. 2 ). Nurutkeun médium dina makéna basa, paguneman kabagi jadi dua, nyaéta vérbal (lisan) jeung nonverbal (tinulis). Dina paguneman lisan, nurutkeun Paridah spk., (2014, kc. 27) aya paguneman standar jeung paguneman nu sipatna non standar. Paguneman standar saperti dina biantara atawa méré pangjajap, jeung kagiatan komunikasi dina pangajaran. Ari paguneman non standar kapanggih dina paguneman sapopoé jeung babaturan atawa dina kasempetan non formal lianna.

Kagiatan komunikasi tangtu ilahar dilaksanakeun dina kahirupan sapopoé, upamana interaksi dina pangajaran di kelas. Dina interaksi pangajaran di jero kelas, guru cacarita ka muridna waktu ngajéntrékeun, nanya, atawa nitah milampah hiji pagawéan. Guru miboga peran jadi panyatur, ari murid jadi pamiarsa. Sabalikna, murid ogé cacarita ka guru waktu ménta pangjéntré, nanyakeun, atawa ngajawab hiji perkara. Palebah dieu, murid miboga peran jadi panyatur, ari guru miboga peran jadi pamiarsa. Kajadian sarupa kitu téh mangrupa kajadian omongan atawa konvérsasi (Sudaryat, 2016, kc. 77).

Dina ngalaksanakeun interaksi, tangtu kudu maké basa anu sopan tur merenah. Sudaryat (2016, kc. 183), nétélakeun yén dina ngalaksanakeun interaksi jeung sasama, tangtu kudu ngagunakeun tatakrama basa. Ari tatakrama basa téh mangrupa sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi. Ieu sopan santun (étikét) téh geus disaluyuan jeung diajénan jadi kahadéan ku warga masarakatna pikeun silih hormat jeung silih ajénan. Eta sababna, upama nyarita henteu maké tatakrama basa atawa undak usuk basa, hartina urang henteu sopan atawa henteu nyaho dikasopanan (Nor Shahila, 2014, kc. 4). Contona katitén dina kasus polémik antara Sabil jeung Gubernur Jawa Barat Ridwan Kamil, anu viral dina media sosial. Kekecapan anu digunakeun ku panyatur (Sabil) kurang sopan lantaran ngagunakeun kecap “manéh” nalika ngoméntaran status Ridwan Kamil. Ieu hal nuduhkeun yén panyatur (Sabil) teu ngalarapkeun tatakrama basa anu ngabalukarkeun kurangna suasana harmonis anu kajalin antara panyatur jeung pamiarsa. Ku

kituna, Brown jeung Levinson (1987, kc. 155) ogé nétélakeun yén kasopanan dina ngagunakeun basa kawilang pentingna nalika ngayakeun prosés interaksi.

Sopan santun makéna basa kudu dilarapkeun dina kahirupan sapopoé, kitu deui waktu ngalaksanakeun interaksi pangajaran di kelas. Tapi jaman kiwari, sok remen manggihan omongan murid anu nyimpang tina kaédah makéna basa, saperti dina ngagunakeun basa lemes atawa basa hormat, anu masih ilahar maké basa kasar, sarta dina pasemon, réngkak jeung peta anu malah nyimpang tina prinsip kasopanan (Pranomo, dina Chaer, 2010, kc.4). Kitu deui nurutkeun Silalahi (2012, kc. 5), kiwari étikét jeung moral geus robah balukar éra globalisasi. Ieu hal mangaruhan kana robahna dina makéna basa. Salasahijina basa anu digunakeun nalika siswa komunikasi jeung guruna nalika diajar di kelas, kalan-kalan siswa ngagunakeun ragam basa Sunda loma atawa kasar. Sopan santun makéna basa kawilang penting sabab aya patalina jeung norma anu kumbuh di masarakat sarta mangrupa idéntitas pikeun dirina sorangan. Zamzani (2010, kc. 2) nétélakeun yén étika anu hadé bisa dimimitian ku ngagunakeun basa anu merenah sarta luyu jeung tatakrama basa. Kitu deui dina ngalakukeun interaksi di sakola upamana ka guru kudu migoga sikep sarta paripolah anu hadé.

Dina interaksi pangajaran di kelas, aya sawatara omongan anu nyimpang tina prinsip kasopanan contona dina ieu paguneman di handap.

*Guru : "Assalamualaikum warrahmatullahi wabarokatuh, kumaha barudak daramang?"*

*Murid : "Kumsalam..cageur Bu!"*

*Murid: "Teu séhat ah Bu, karak begadang hehehehe"*

Nilik tina paguneman di luhur, jawaban murid pikeun pananya guruna dirasa kurang sopan, sabab maké basa loma. Dina kaédah basa atawa tatakrama basa, saupama nyarita ka saluhureun kudu maké basa hormat atawa basa lemes. Kecap "*Cageur*" sakuduna diganti ku kecap "*Pangéstu, atawa damang, saé*". Sarta kalimah "*karak begadang*" kuduna diganti ku kalimah nu merenah upamana "*kirang mondok*." Dina paguneman di luhur nuduhkeun tahapan teu hormat atawa henteu wijaksana. Ieu hal tangtu nyalahan kana prinsip kasopanan nyaéta maksim kawijaksanaan (*tact maxim*) (Sudaryat, 2016) kc. 207)

Lian ti éta, aya ogé paguneman anu teu nyalahan kana prinsip kasopanan, saperti conto paguneman ieu di handap.

*Guru : "Barudak, nuluykeun matéri lawungan nu kamari, buka buku*

*pakét kaca 28!”*  
 Murid : *”Ibu, hapunten abdi kaleresan teu ngabantun buku pakét,  
 kakantun di bumi pun bibi.”*

Nilik tina paguneman di luhur, jawaban murid pikeun panitah guruna geus kaasup kana basa anu sopan sarta geus luyu jeung kaédah makéna basa atawa tatakrama basa. Bisa ditilik tina kecap “*ngabantun*” (ngagunakeun ragam basa hormat) sarta kecap “*hapunten*” nuduhkeun ungkara santun. Ieu hal nuduhkeun ayana prinsip kasopanan nu kahontal nyaéta maksim kawijaksanaan (*tact maxim*) (Sudaryat, 2016, kc. 208).

Dumasar kana panalungtikan di luhur, tétéla yén jaman kiwari teu saeutik murid nalika nyarita ka guruna kurang sopan, teu maké tatakrama anu luyu (Hapsari (2016, kc. 5). Ku kituna, perlu dilaksanakeun atikan moral dumasar perspektif pédagogis pikeun numuwuhkeun karakter sangkan ngabiasakeun ngalarapkeun tatakrama anu hadé dina kahirupan sapopoéna. Ieu hal luyu jeung pamadegan Marzuki (2012, kc. 8) yén sakola téh lain ngan saukur lembaga atikan pikeun ngajadikeun murid pinter jeung inteléktual, tapi kudu bisa numuwuhkeun karakter muridna sangkan miboga sikep tur ahlak anu hadé. Sakumaha anu dijelaskeun dina UUD Pasal 31 ngeunaan pendidikan jeung kabudayaan nyaéta:

*“pemerintah mengusahakan dan menyelenggarakan satu sistem pendidikan nasional yang meningkatkan keimanan dan ketakwaan serta ahlak mulia dalam rangka mencerdaskan kehidupan bangsa”*. (Sabar, 2010, kc. 229).

Atikan karakter mangrupa salah sahiji cara pikeun ngungkulan pasualan sangkan lumrapna tatakrama basa Sunda di si sakola. Ku ayana atikan karakter di sakola bisa numuwuhkeun kabiasaan (*habituation*) nu hade, boh dina sikep, paripolah, boh dina ngagunakeun basa.

Ku kituna, perluna ngalarapkeun perencanaan pangajaran karakter di sakola pikeun numuwuhkeun tatakrama anu hadé, upamana ngabiasakeun ngalarapkeun ajén-inajén karakter saperti atikan karakter nu disingget tina kecap BAGJA (**Baris, Gumujeng, Jaga Sikep, jeung Jaga Lisan**) anu disusun ku tim Kurikulum Kayashebaan anu mangrupa implementasi tina tiori Lickona (2013) dina bukuna anu judulna *Educating for Character*.

Dina ieu panalungtikan, digunakeun tiori prinsip kasopanan salaku salah sahiji prinsip pragmatik anu didasaran ku tiori Geoffrey Leech (1993), Yule (2006), Sudaryat (2016), jeung tiori Lickona (2013 judulna *Educating for Character* salaku tiori atikan karakter.

Alesan pangna milih objek panalungtikan wacana pangajaran di kelas, sabab kiwari étikét jeung moral geus robah balukar éra globalisasi. Ieu hal mangaruhan kana robahna dina makéna basa. Salasahijina basa anu digunakeun nalika siswa komunikasi jeung guruna nalika diajar di kelas, kalan-kalan siswa ngagunakeun ragam basa Sunda loma atawa kasar, anu tangtu nyalahan kana prinsip kasopanan. Salian ti éta, ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun maluruh implementasi pendidikan karakter di sakola pikeun dilarapkeun ku murid.

Panalungtikan nu kungsi dilaksanakeun ngeunaan prinsip pragmatis di antarana waé, (1) “Prinsip Kesopanan dalam Tindak Tutur Transaksi Jual Beli di Pasar Minggu Desa Tebab Kecamatan Suralaga: Kajian Pragmatik.” Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun lobana prinsip kasopanan anu dirempak dina paguneman antara nu ngajual jeung nu meuli” (Wijaya, 2019). Dina ieu panalungtikan teu medar ngeunaan pananda konvérsasi, tapi ngan saukur maksimum prinsip kasopanan, (2) “Prinsip Kasopanan dina Kumpulan Carpon Kanyaah Kolot (Ulikan Pragmatik)” (Julian 2021). Hasil tina éta panalungtikan ngan saukur medar ngeunaan prinsip-prinsip pragmatis nyaéta prinsip kasopanan saperti maluruh kana maksimum kawijaksanaan (*tact maxim*), maksimum katumarima (*approbation maim*), maksimum kasaluyuan (*agreement maxim*), maksimum kasimpat (*sympathy maxim*), maksimum balabah (*generosity maxim*), jeung maksimum handap asor (*modesty maxim*), jeung (3) ”Strategi Kesantunan pada Tindak Tutur Meminta Guru Laki-Laki dan Perempuan dalam Kegiatan Belajar Mengajar (Analisis Pragmatis)” (Azhariah, 2014), nu ngaguar ngeunaan strategi kasopanan jeung tindak tutur.

Ieu panalungtikan ogé sarua ngulik ngeunaan prinsip kasopanan anu sumber datana nyaéta kalimah tina paguneman. Sanajan kitu, aya bédana nyaéta palebah kajian panalungtikanana. Dina ieu panalungtikan, maluruh ngeunaan prinsip kasopanan jeung pananda konvérsasi dina wacana pangajaran sarta pangaruh tahapan kasopanan kana atikan karakter dumasar perspektif pedagogis. Kitu deui, dina objék nu ditalungtikna béda, anu saacanna objék panalungtikanana kana wangun sastra, ari dina ieu panalungtikan objékna dina paguneman pangajaran basa Sunda (guru jeung siswa). Ku kituna, dumasar katerangan di luhur tétéla yén panalungtikan ngeunaan “Prinsip Kasopanan jeung Pananda Konvérsasi Wacana Pangajaran Basa Sunda (Analisis Pragmatis jeung Pédagogis) perlu dilaksanakeun.

## 1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasang tukang di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan nyaéta prinsip kasopanan jeung pananda konvérsasi dina wacana pangajaran basa Sunda di SMP Negeri 4 Kabupatén Garut. Dina ieu panalungtikan dipaluruh ngeunaan prinsip kasopanan, pananda konvérsasi, ogé pangaruh tahapan kasopanan kana atikan karakter (*character first eduaction*). Dina prinsip kasopanan maluruh ayana genep rupa maksim, nyaéta maksim kawijaksanaan (*tact maxim*), maksim katumarima (*approbation maim*), maksim kasaluyuan (*agreement maxim*), maksim kasimpiati (*sympathy maxim*), maksim balabah (*generosity maxim*), jeung maksim handap asor (*modesty maxim*). Pananda konvérsasi dina prinsip kasopanan ngawengku kasopanan linguistik jeung kasopanan nonlinguistik, sarta maluruh pangaruh tahapan kasopanan kana atikan karakter (*character first eduaction*).

Aya sababaraha masalah nu kapanggih dina ieu panalungtikan, di antarana waé sok remen manggihan omongan murid anu nyimpang tina kaédah makéna basa, saperti dina ngagunakeun basa lemes atawa basa hormat, anu masih ilahar maké basa kasar, sarta dina pasemon, réngkak jeung peta anu malah nyalahan tina prinsip kasopanan. Ku kituna, sangkan ieu panalungtikan henteu sumebar kana bahasan anu séjén, masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha prinsip kasopanan dina wacana pangajaran basa Sunda di SMP Negeri 4 Garut?
- b. Kumaha pananda konvérsasi dina wacana pangajaran basa Sunda di éta sakola?
- c. Kumaha tahapan prinsip kasopanan dina wacana pangajaran basa Sunda di éta sakola?
- d. Kumaha pangaruh prinsip kasopanan dipatalikeun kana kahasan atikan karakter (*character first eduaction*) di éta sakola?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

### 1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan umum pikeun ngadéskripsikeun jeung mikanyaho prinsip kasopanan jeung pananda konvérsasi dumasar aturan pragmatik sarta pangaruh prinsip kasopanan kana kahasan atikan karakter (*character first eduaction*) di SMP Negeri 4 Garut.

### 1.3.2 Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun ngadéskripsikeun opat hal, nyaéta:

- a. prinsip kasopanan dina wacana pangajaran basa Sunda di SMP Negeri 4 Garut;
- b. pananda konvérsasi dina wacana pangajaran basa Sunda di SMP Negeri 4 Garut;
- c. tahapan prinsip kasopanan dina wacana pangajaran basa Sunda di SMP Negeri 4 Garut; jeung
- d. pangaruh prinsip kasopanan kana kahasan atikan karakter (*character first eduaction*) di SMP Negeri 4 Garut.

## 1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat, di antarana waé:

- a. pikeun nambahan jeung ngawewegan panalungtikan dina widang pragmatik, hususna dina prinsip kasopanan;
- b. pikeun nambahan élmu ngeunaan pananda konvérsasi;
- c. pikeun acuan panalungtikan satuluyna dina widang pragmatik, hususna dina prinsip kasopanan jeung pananda konvérsasi; jeung
- d. pikeun nambahan élmu ngeunaan atikan karakter (*character first eduaction*).

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan boga mangpaat di antarana waé:

- a. pikeun nu nalungtik, hasil panalungtikan bisa dipaké pikeun ngajembaran paélmuan dina widang pragmatik sarta dadasar ngalaksanakeun panalungtikan satuluyna;
- b. pikeun mahasiswa, hasil panalungtikan bisa dipaké pikeun référénsi jeung bahan pancén kuliah dina ulikan pragmatik hususna prinsip kasopanan;
- c. pikeun masarakat, hasil panalungtikan bisa méré informasi ngeunaan prinsip kasopanan; jeung
- d. pikeun kampus, hasil panalungtikan bisa dipaké pikeun nambahan panalungtikan dina widang linguistik hususna wacana jeung pragmatik.

## 1.5 Raraga Tulisan

Ieu di handap mangrupa raraga tulisan panalungtikan, anu ngawengku lima bab.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan masalah jeung tujuan panalungtikan anu aya patalina jeung prinsip kasopanan dina wacana pangajaran basa Sunda.

Bab II Ulikan Tiori, eusina ngeunaan tiori-tiori anu dipaké dina ieu panalungtikan, nyaéta tiori prinsip kasopanan, pananda konvérsasi, tatakrama basa, paguneman, komponén wacana pangajaran, jeung atikan karakter (*character first eduaction*), sarta panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngawengku méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, anu ngawengku méthode panalungtikan, desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil panalungtikan anu ngajelaskeun ngeunaan hasil analisis.

Bab V Kacindekan jeung Saran, mangrupa intisari tina sakabéh pedaran. Saran mangrupa pangdeudeul tina hasil panalungtikan pikeun nu maca ieu panalungtik.